# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–28 जुलाई 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी इंटरनेशनल मैथमैटिक्स ओलम्पियॉड में भारत के विद्यार्थियन क बढ़ियं परदरसन बदे उनकर तारीफ कइले हवें। आजु आकाशवाणी क मन की बात कार्यक्रम में श्री मोदी पहिला पांच पोजीसन पा के देस क नांव रोसन करे वाले येह विद्यार्थियन से बातोचीत कइलें। यूपी में ग्रेटर नोएड क कनव तलवार बतवलें कि ऊ एहकर तइयारी सतवीं कलासे से सुरू कइ दिहले रहलें।

येह दौरान प्रधानमंत्री असम के चराइदेव मोइदाम के यूनेस्को क विस्व धरोहर सथलन में सामिल भइले के गर्व क बाति बतवलें। उहां के कहलीं कि चराइदेव अहोम राजवंस क पहिला राजधानी रहे। येह राजवंस क लोगि अपने पुरूखन क अवसेस अउर उनकर कीमती समानन के रेवाज के मोताबिक मोइदाम में रक्खत रहलें। मादक पदार्थन क समेस्या क जिकिरि करत उहां के कहलीं कि ई हर परिवार क चिन्ता होला कि कहीं उनकर लइका ड्रग के चपेटा में न आ जाय। अइसन लोगिन क मददि बदे सरकार एगो बिसेस केन्द्र–मानस खोलले हौ, जेकर हेल्पलाइनि अउर पोर्टल कुछु दिन पहिलहीं सुरू गइल गइल हौ। सरकार एकरे बदे टोल फ्री नम्बर एक नौ तीनि तीनि जारी कइले हौ।

प्रधानमंत्री पनरह अगस्त नगिच्चे अइले पर सज्जो लोगिन से हर घर तिरंगा अभियान में हिस्सा लेवे क अपीलि कइले हवें। सथहीं, पेरिस ओलम्पिक में सामिल भारतीय खेलाड़ियन क उत्साहो बढ़ावे क आग्रह कइलें। मन की बात कार्यक्रम कई जगहिनि पर सुनल गइल, जेहमें कई जिला क मंत्री अउर जनप्रतिनिधि आ आम लोगि एहके सुनलें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ मन की बात कार्यक्रम के राष्ट्रीय चेतना क मजबूत जरिया बतवलें।

**********

प्रधानमंत्री पीलीभीत टाइगर रिजर्व के बाघन क जिकिरि करत उनके बचावे बदे एहवां के टाइगर मित्रन क तारीफ कइलें। येह पर प्रदेस क वन अउर पर्यावरण मंत्री डॉक्टर अरूण सक्सेना, प्रधान मुख्य संरक्षक वन्य जीव संजय श्रीवास्तव आभार जतवले हवें। वन अउर पर्यावरण मंत्री कहलें कि मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के निरदेसन में चलावल जा रहल बाघ संरक्षण में बाघ मित्रन क सहजोग से कई बाघन के बचावल गइल हौ। सबसे कम उमिरि क बाघ मित्र अदनान खान अउर राजीव श्रीवास्तवो प्रधानमंत्री के धन्यवाद दिहले हवें।

**********

उत्तर प्रदेस विधानमण्डल क मॉनसून सत्र बिहने से सुरू होई। विधानसभा अध्यक्ष सतीश महाना आजु सर्वदलीय बइठकी में सज्जो पारटी के नेता लोगिन से सदन के सुचारू रूप से चलवले में सहजोग क अपीलि कइलें। ई सत्र फिलहाल संक्षिप्त रहले क ओम्मेद हौ। एकरे बदे बिहने से दुइ अगस्त तक ले क कार्यक्रम जारी कइल गइल हौ। तीस जुलाई के अनुपूरक बजट पेस कइल जाई।

**********

श्रीराम जन्मभूमि मंदिर निर्माण समिति क चेयरमैन नृपेन्द्र मिश्रा कहले हवें कि राम मंदिर इकतीस दिसम्बर ले पूरा बनि जाई। उहां के बतवलीं कि मंदिर परिसर क दक्खिन अउर पच्छू ओरि शेषावतारो मंदिर बनल सुरू हो गइल हौ। शेषावतावर क मुरती सफेद संगमरमर क होई। एके बनवले क आर्डर दिहल जा चुकल हौ। अउर नवम्बर ले आ जाई। नृपेन्द्र मिश्रा मंदिर निर्माण समिति के बइठकी में सामिल होवे बदे अजोध्या आइल हवें।

**********

कांवड़ जतरा के देखत बिहने भिन्नहियें से तीनि अगस्त ले गोरखपुर–लखनऊ राहि पर डायवर्जन लागू रही। गोरखपुर क एसपी ट्रैफिक बतवलें कि लखनऊ जाये वाला भारी गाड़ी कालेसर के जीरो प्वाइंटर से बड़हलगंज के रास्ता से पूर्वांचल एक्सप्रेस–वे के ओरि भेजल जाई। देवरिया अउर कुशीनगर से लखनऊ जाये वाला भारी गाड़ियन के बाघागाड़ा से बड़हलगंज के रस्ता से पूर्वांचल एक्सप्रेस–वे के ओरि से जाये के होई।

**********

मिर्जापुर जिला के विन्ध्याचल थान्हा इलाका के खम्हरिया दमुआन गांव के सामने आजु भिन्नहीं मिर्जापुर से प्रयागराज जा रहल एगो टूरिस्ट बस अउर मालवाहक ऑटो रेक्सा के लड़ले से तीनि लोगिन क मउति हो गइल जबकि कई लोगि घाही हो गइलें। पुलिस घाही लोगिन के अस्पताल भेजववलसि। ऑटो रेक्सा में सवार लोगि विन्ध्याचल धाम जात रहलें।

**********

चित्रकूट जिला में भरतकूप थान्हा इलाका के घोड़ा पहाड़ पर आजु भिन्नहीं पत्थर खदान धंसले से एगो जेसीबी ऑपरेटर क मउति हो गइल जबकि कुछु मजदूरन के दबले क अनेसा हौ। डीएम अउर एसपी मौका पर खदान इलाका क बैरिकेडिंग करा के राहत अउर बचाव कार सुरू करा दिहले हवें।

**********